

DÉZIÈM CHAPIT

Sélébrasion sakramantèl mistè Paskal-la

1135 Katéchèz litiji-a inpliké toudabò konpréansion Distribision òganizasion sakramantèl-la (Économie sacramentelle) (*premié chapit*). Anba limiè sa-a yo révéle nouvo té *sélébrasion*-l nan. Nan chapit sa-a donk sé osijè sélébrasion sakréman-yo nan l'Égliz-la n-ap palé. Y-ap konsidéré sa-k komin pou sélébrasion sèt sakréman-yo nan diféran tradision litijik-yo ; sa-k pròp pou yo chak y-ap ékspozé-l pi louin. Katéchèz fondamantal sa-a sou sélébrasion sakréman-yo ap réponn premié késion fidèl-yo pozé tèt yo osijè bagay sa-a :

- Kilès k-ap sélébré ?
- Kòman pou-l sélébré ?
- Ki lè pou-l sélébré ?
- Ki koté pou-l sélébré ?

ATIK 1

Sélébré litiji l'Égliz-la

I. Kilès k-ap sélébré ?

1136 Litiji-a sé « aksion » *Kris-la toutantié*. Sa-yo k-ap sélébré-l kounié-a
795, 1090 lèt bò sign-yo, yo déjà nan litiji sièl-la, koté sélébrasion-an sé kominion anplin épi fèt.

2642 **Sélébran litiji sièl-la**

1137 Apokalips sin Jan-an, yo li nan litiji l'Égliz-la, révéle nou toudabò gin
« yon trôn yo instalé nan sièl-la, sou trôn-nan gin yon pèsonaj ki chita »
(Ap 4, 2) : « Granmèt-la » (Is 6, 1 ; cf. Ez 1, 26-28). Apré sa, gin « yon
Mouton ki kanpé tankou si yo té touyé-l » (Ap 5, 6 ; cf. Jn 1, 29) : Kris-la
662 ki krisifié épi résisité, li minm sèl Prèt an chèf véritab tant-la (cf. He 4,
14-15 ; 10, 19-21 ; etc.), sé li-minm minm « k-ap ofri épi yo ofri, k-ap
résévoua épi yo bay » (Liturgie de S. Jean Chrysostome, Anaphore).

Anfin, gin « yon riviè dlo lavi, li kléré tankou kristal ; l-ap soti nan trôn Bondié-a ak Mouton-an » (Ap 22, 1), sé youn nan pi bèl sign Éspri-Sin-an (cf. Jn 4, 10-14 ; Ap 21, 6).

- 1138 Antan yo « réprann nan tèt » nan Kris-la, sa-yo k-ap patisipé nan sèvis
335 louanj Bondié-a épi akonplisman projè li-a sé : Puisans sièl-yo (cf. Ap 4-5 ; Is 6, 2-3), tout kréasion-an (kat Vivan-yo), minis Ansyin ak Nouvo Alians-la (vinnkat Ansyin-yo), nouvo pèp Bondié-a (san-karant-kat-mil yo : cf. Ap 7, 1-8 ; 14, 1), an patikilié mati-yo « nanm moun-yo yo té koupé gòj yo poutèt paròl Bondié-a » (Ap 6, 9-11), épi Trè Sint Manman Bondié-a (Madam-nan : cf. Ap 12 ; Épouz Mouton-an : cf. Ap 21, 9),
1370 anfin « yon gran foul, pèsonn pa-t kapab konté-l, yo té soti nan tout kalité nasion, ras, pèp ak lang » (Ap 7, 9).
- 1139 Sé nan litiji pou tout tan sa-a Éspri-a ak l'Égliz-la fè nou patisipé, lè n-ap sélébré mistè sovè nou sovè-a nan sakreman-yo.

Sélébran litiji sakramantèl-la

- 1140 Sé tout *kominoté*-a, kò Kris-la ki fè youn ak Tèt li-a, k-ap sélébré.
752, 1348 « Aksion litijik-yo sé pa aksion pèsonèl, min sélébrasion l'Égliz-la ki “sakreman unité-a”, sa vlé di pèp ki sin-an ki réyini épi òganizé anba otorité Évèk-yo. Sé poutèt sa aksion litijik-yo sé pou Kò l'Égliz-la toutantié yo yé, yo fè-l parèt aklè épi yo aji sou li; min yo touché chak manb-li tou nan yon fason diféran, dapré diféran òrd-yo, fonksion-yo épi patisipasion aktif-la » (SC 26). Sé poutèt sa tou, « chak foua rit-yo mandé, dapré pròp natu yo, pou yo t-a sélébré yo an komin, avèk prezans épi patisipasion aktif fidèl-yo, sé pou yo insisté pou yo préféré yo pasé pou yo t-a fè minm sélébrasion sa-yo séparéman épi prèské an privé » (SC 27).
- 1141 Asanblé k-ap sélébré-a sé kominoté moun ki batizé-yo, li-minm ki
« gras a nouvo nésans-la épi onksion Éspri-Sin-an, konsakré kòm kay siprituèl épi sasèrdòs ki sin pou ofri sakrifis spirituèl gras a tout travay krétyin-an » (LG 10). « Sasèrdòs komin »-an sé sasèrdòs Kris-la, li minm ki sèl Prèt-la, sa tout manb li-yo patisipé ladan-l nan (cf. LG 10 ; 34 ; PO 2) :
- 1268 « L'Égliz-la ki Manman, anvi anpil pou-l kondui tout fidèl-yo patisipé anplin, konsiamman épi aktivman nan sélébrasion litijik-yo, sé natu litiji-a minm ki mandé sa, épi sé doua pèp krétyin-an ak dévoua-li poutèt Batèman ki fè li sé “yon ras chouazi, yon péyi-roua prèt, yon nasion ki sin, yon pèp Bondié posédé” (1 P 2, 9 ; cf. 2, 4-5) » (SC 14).
- 1142 Min « tout manb-yo sé pa minm aksion-an yo ginyin » (Rm 12, 4). Gin manb Bondié rélé, nan l'Égliz-la épi palintèmediè-l, pou yon sèvis spésyal nan kominoté-a. Minis sa-yo, yo chouazi yo épi yo konsakré yo palintèmediè sakreman Òrd-la, koté Éspri-Sin-an fè yo vîn kapab aji nan

1549 pèrson Kris-Tèt-la pou sèvis tout manb l'Égliz-la (cf. PO 2 et 15). Minis
 1561 ki òrdoné-a sé tankou yon « ikôn » Kris-Prèt-la. Poutèt sé nan Ékaristi-a sakréman l'Égliz-la manifesté anplin, sé nan prezidé Ékaristi-a ministè Évèk-la parèt toudabò épi, nan kominion avèk li, ministè prèt-yo épi diak-yo.

1143 Pou sèvi fonksion sasèrdòs komin fidèl-yo, gin lòt *ministè patikilié* tou,
 903 ki pa konsakré palintèmediè sakréman Òrd-la, épi sé Évèk-yo ki détèminé
 1672 fonksion yo-a dapré tradision litijik-yo épi nésésité pastoral-yo. « Minm minis-yo, léktè-yo, kòmantatè-yo épi moun ki nan koral-yo, vrèman sé yon fonksion litijik y-ap réalisé » (SC 29).

1144 Konsa, nan sélébrasion sakréman-yo, tout asanblé-a sé « liturj » li yé,
 chak moun dapré fonksion pa-l, min « nan yon sèl Éspri-a » k-ap aji nan yo tout. « Nan sélébrasion litijik-yo, chak moun, soua minis, soua fidèl, antan l-ap réalisé fonksion-li, doué fè *tout sa* ki korésponn a ròl-li dapré natu réalté-yo épi règléman litijik-yo, é sé *sa sèlman* pou-l fè » (SC 28).

II. Kòman pou-l sélébré ?

1333-1340 Sign épi simbòl

1145 Yon sélébrasion sakramantèl sé yon toual ki fèt ak sign épi simbòl.
 53 Dapré pédagoji Bondié pou-l sovè nou-an, signifkasion yo anrasiné nan travay kréasion-an épi nan kilti moun-nan, yo vîn détèminé nan évenman Ansyin Alians-la épi yo révélé anplin nan pèrson ak nan travay Kris-la.

1146 *Sign réalté moun-nan.* Nan lavi moun-nan, sign-yo ak simbòl-yo gin
 362, 2702 yon plas ki inpòtan anpil. Moun-nan, kòm li yon égzistan ki an minm tan kòporèl épi spirituèl, li éksprimé épi li kapté réalté spirituèl-yo palintèmediè sign ak simbòl matérièl-yo. Kòm yon égzistan sosial, moun-nan bézouin sign ak simbòl pou-l kapab kominiké ak lòt-yo palintèmediè langaj-la, jès-yo, aksion-yo. Sé minm jan sa fèt tou pou rélasyon-l ak Bondié.

1147 Bondié palé ak moun-nan palintèmediè kréasion vizib-la. Tout inivè
 299 matérièl-la prezanté bay intèlijans moun-nan pou-l kapab ouè tras Kréatè-l la ladan-l (cf. Sg 13, 1 ; Rm 1, 19-20 ; Ac 14, 17). Limiè-a ak lannuit-la, van-an ak difé-a, dlo-a ak tè-a, pié-boua-a ak frui-yo ap palé osijè Bondié, sinbolikman yo signifé an minm tan kijan li gran épi kijan li toupré.

1148 Réalté sansib sa-yo, nan mézi sé créatu yo yé, yo kapab tounin koté pou éksprimé aksion Bondié k-ap sanktifié moun-yo, épi aksion moun-yo k-ap rann Bondié kult yo doué-l la. Sé minm bagay-la ki rivé pou sign ak simbòl lavi sosial moun-yo : lavé épi fè onksion, kasé pin épi distribué

kalis-la kapab éksprimé prezans Bondié k-ap sanktifié-a épi rékonésans moun-nan dévan Kréatè-l-la.

- 1149
843 Gran rélijion ras moun-nan témouagné, anpil fouda yon fason ki inpresionan, signifikasyon kosmik épi sinbolik rit rélijyé-yo ginyin-an. Litiji l'Égliz-la présipozé éléman kréasyon-an épi kilti moun-nan, li pran yo, li sanktifié yo épi li ba yo dignité sign lagras-la, nouvo kréasyon-an nan Jézu-Kri.
- 1150
1334 *Sign Alians-la.* Pèp Bondié chouazi-a résévoua sign ak sinbòl patikilié ki distingé-l nan lavi litijik li-a : yo pa sèlman sélébrasyon périòd kosmik-yo épi jès sosyal ankò, min sign Alians-la, sinbòl gran aksion Bondié té fè pou pèp li-a. Pami sign litijik sa-yo nan Ansyin Alians-la yo kapab raplé sikonsizyon-an, onksion épi konsékrasyon roua-yo ak prêt-yo, inpozision min-yo, sakrifis-yo épi sitou Pak-la. L'Égliz-la ouè nan sign sa-yo yon préfigirasyon sakrèman Nouvo Alians-la.
- 1151
1335 *Sign Kris-la pran.* Lè li t-ap préché, anpil fouda Granmèt Jézu té anlouayé sign kréasyon-an pou-l fè konnin mistè Rouayòm Bondié-a (cf. Lc 8, 10). Li té fè gérizon oubyin li té souligné prèch li-yo ak sign matérièl oubyin ak jès sinbolik (cf. Jn 9, 6 ; Mc 7, 33-35 ; 8, 22-25). Li bay évenman-yo ak sign Ansyin Alians-la yon nouvo signifikasyon, sitou Égzòd-la ak Pak-la (cf. Lc 9, 31 ; 22, 7-20), paské sé li-minm ki signifikasyon tout sign sa-yo.
- 1152 *Sign sakramantèl-yo.* Dépi apré Pantkot-la, Éspri-Sin-an ap fè sanktifikasyon-an palintèmediè sign sakramantèl l'Égliz li-a. Sakrèman l'Égliz-la pa éliminé, min yo pran épi yo purifié tout richès sign ak sinbòl réalité matérièl-yo ak lavi sosyal-la. An plis, yo akonpli « tip » (modèl) ak figi (pòtré) Ansyin Alians-la, yo signifié épi yo réalizé sovè Kris-la sovè nou-an, yo préfigiré épi yo antisipé gloua sièl-la

Paròl épi aksion

- 1153
53 Sélébrasyon sakramantèl-la sé yon rankont pitit Bondié-yo avèk Papa yo, nan Kris-la ak Éspri-Sin-an, épitou rankont sa-a yo éksprimé-l tankou yon dialòg palintèmediè aksion épi paròl. Aksion sinbolik-yo sètènman sé tankou yon diskou yo yé, min yo bézouin Paròl Bondié-a ak répons lafouda-a pou akonpagné épi bay aksion-yo lavi, pou sémans Rouayòm li-a donnin frui nan bon tè-a. Aksion litijik-yo signifié sa Paròl Bondié-a éksprimé-a : an minm tan inisiativ gratis Bondié-a épi répons lafouda pèp li-a.
- 1154
1100
103 *Litiji Paròl la* fè pati intégralman nan sélébrasyon sakramantèl-yo. Pou yo kapab nourri lafouda fidèl-yo, yo doué fè sign Paròl Bondié-a vîn gran : liv Paròl-la (léksionè-a oubyin évanjéliè-a), vénérasyon-l (prosésion, ansan, limiè), koté pou yo anonsé-l la (anbon-an), fason yo li-l pou yo

kapab tandé-l épi konprann li-a, oméli minis-la ki prolonjé proklamasion-an, répons asanblé-a (aklamasion, méditation psòm-nan, litani-yo, Déklarasion lafoua-a).

- 1155
1127 Yo pa kapab séparé paròl litijik-la ak aksion litijik-la poutèt yo sé sign épi ansègnman, yo inséparab tou nan mézi yo réalizé sa yo vlé di-a. Éspri-Sin-an pa sèlman bay konpréansion Paròl Bondié-a, antan-l révéyé lafoua-a ; li-minm tou palintèmediè sakréman-yo li réalizé « mèvèy » Bondié-yo Paròl-la anonsé-a : travay Papa-a fè palintèmediè Pitit li rinmin-an li fè-l vîn prézan ankò épi li kominiké-l.

Chan-an ak mizik-la

- 1156 « Tradision mizik l'Égliz inivèsèl-la fòmé yon trézò ki gin valè yo pa kapab kalkilé, ki anlè pi ro pasé lòt ékspresion artistik-yo, sitou paské kòm sé yon chan sakré ki kolé ak paròl-yo, li sé yon pati nésésè oubyin ki doué la nan litiji solanèl-la » (SC 112). Konpozision épi chan psòm ki inspiré-yo, ki té akonpagné anpil foua ak instriman mizik, yo té déjà fè youn byin séré ak sélébrasion litijik Ansyin Alians-la. L'Égliz-la kontinué épi élaji tradision sa-a : « Sé pou nou chanté Psòm, kantik ak chanté spirituèl nan pami nou, sé pou nou chanté, pou nou fè louanj Granmèt-la nan kè-nou » (Ep 5, 19 ; cf. Col 3, 16-17). Moun k-ap chanté-a, li priyé dé foua (cf. S. Augustin, Psal. 72, 1).
- 1157
2502 Chan-an ak mizik-la réalizé fonksion sign yo ginyin-an yon fason ki gin plis signifikasion, lè yo « plis an rélasyon pi séré ak aksion litijik-la » (SC 112), dapré toua kritè prinsipal : ékspriyé bèlté priyé-a, patisipasion asanblé-a ak yon sèl kè nan moman fiksé yo épi karaktè solanèl sélébrasion-an. Konsa yo patisipé nan finalité paròl-yo ak aksion litijik-yo : gloua Bondié épi sanktifikasion fidèl-yo (cf. SC 112) :

« Konbyin foua mouin té kriyé antan dousè imm ak kantik ou-yo t-ap sonninan voua l'Égliz ou-a antan y-ap plin-m ak émosion ! Voua sa-yo t-ap koulé nan zòrèy mouin-yo épi yo t-ap vidé vérité-a nan kè-m épi yon élan piété t-ap sékoué-m, dlo t-ap koulé nan jé-m, épi avèk yo sa té bon pou mouin » (S. Augustin, conf. 9, 6, 14).

- 1158
1201
1674 Bon akò sign-yo (chan, mizik, paròl-yo épi aksion-yo) vîn pi ékspriyé la-a épi bay plis frui poutèt li ékspriyé *richès kiltirèl* ki pròp pou pèp Bondié-a antan l-ap sélébré (cf. SC 119). Sé sa-k fè, « sé pou yo dévlopé chan rélijyé popilè-yo avèk ladrès, pou nan pratik dévotion sakré-yo épi nan aksion litijik-yo minm » dapré règléman l'Égliz-la, « voua fidèl-yo kapab rézonnin » (SC 118). Min « sé pou tèks pou chan sakré-yo konfòm ak doktrîn katolik-la, plis toujou, pito yo pran yo apati Sint-Ékritu-yo ak sous litijik-yo » (SC 121).

476-477, **Sint imaj-yo**

2129-2132

- 1159 Imaj sakré-a, ikôn litijik-la, réprézanaté *Kris-la* prinsipalman. Li pa kapab réprézanaté Bondié yo pa kapab ouè-a épi yo pa kapab konprannan ; sé Inkarnasion Pitit Bondié-a ki inogiré yon nouvo « dispozision òganizasyon » (« économie ») imaj-yo :

« Lontan, kòm Bondié pa gin kò ni figi, yo pa-t kapab réprézanaté-l ak imaj. Kounyé-a minm apré yo té ouè Bondié nan chè-a, épi li té abité ak moun-yo, nan mézi li té fè yo ouè pròp tèt-li, mouin kapab fòmé yon imaj Bondié. [...] Kanta nou minm, sé ak fas-nou dévoualé nou ouè gloua Granmèt-la » (S. Jean Damascène, imag. 1, 16 : PG 96, 1245A).

- 1160 Palintèmediè imaj-la ikonografi krétyin-an transmèt anons Évanjil-la, sa Sint-Èkritu-a transmèt palintèmediè Paròl-la. Imaj-la ak Paròl-la ékspliké youn lòt :

« Pou nou kapab palé an rézime, nou konsèvé san chanjman tout sa yo transmèt nou nan tradision l'Égliz-la soua sa ki ékri, soua sa-k pa ékri ; youn nan yo sé fòmasyon imaj nan pinti-a, ki akòdé ak prédikasyon istoua évanjélik-la, antan sé vrèman ak asirans épi sé pa dapré imajinasyon-an Paròl Bondié-a té tounin moun-nan, épi li té vîn sanblé ak nou pou fè nou avansé yon fason konvab. Réyéلمان sa-k indiké youn lòt, pa gin dout yo gin minm signifkasyon tou youn pou lòt » (Cc. Nicée II, en 787 : COD 111).

- 1161 Tout sign sélébrasyon litijik-la an rapò ak *Kris-la* : minm imaj sakré sint Manman Bondié-a épi sin-yo. Réyéلمان vré yo signifié *Kris-la* ki jouinn gloua nan yo. Yo manifésté « pakèt foul moun k-ap sèvi Jézu témouin » (He 12, 1) ki kontinué patisipé nan sovè moun-yo sou tè-a épi nou fè youn avèk-yo sitou nan sélébrasyon sakramantèl-yo. Palintèmediè ikôn sin-yo, moun-nan ki fèt « dapré pòtré Bondié », ki vîn transfigiré alafin « dapré résanblans-li » (cf. Rm 8, 29 ; 1 Jn 3, 2), vîn révéle bay lafoua nou-an, épi palintèmediè minm ikôn-yo anj-yo tou ki réprann nan tèt nan *Kris-la*, vîn révéle :

« Antan nou suiv [...] majistè sin Pèr nou-yo Bondié inspiré-a épi Tradision l'Égliz katolik-la (réyéلمان nou konnin sa-a sot nan Éspri-Sin-an ki abité vrèman nan li), nou défini ak tout asirans épi présizyon pou, minm jan ak réprézanasyon koua-a ki gin valè-a épi ki bay lavi-a, konsa tou imaj ki sin épi vénérab-yo soua ak koulè-yo épi mozayik-yo, soua ak lòt matiè ki konvab, sé pou yo mété yo nan sint égliz Bondié-yo, épi nan véso ak rad sakré-yo, épi sou mi-yo ak nan tablo-yo, nan kay-yo ak sou rout-yo : kit sé imaj Jézu-Kri Bondié ak Sovè nou-an, kit sé Notre-Dam ki san tach-la sint Manman Bondié-a, anj-yo ki mérité onè épi tout sin-yo ansanm ak moun kòrèk-yo » (Cc. Nicée II : DS 600).

- 1162
2502 « Bèlté imaj-yo ak koulè-yo édé priyè-m. Flè ki pintiré-yo invité gadé-yo minm jan kontanplasyon flè jadin-yo sé yon plézi pou mouin, épi yo vidé santiman gloua Bondié-a nan nanm-nan » (S. Jean Damascène, imag. 1, 27 : PG 94, 1268AB). Kontanplasyon sint ikôn-yo, ansanm ak

méditation Paròl Bondié-a épi chan imm litijik-yo antré nan armoni sign sélébrasion-an pou gravé mistè y-ap sélébré-a nan mémoua kè-a épi apré sa pou-l éksprimé nan nouvo lavi fidèl-yo.

III. Ki lè pou-l sélébré ?

Tan litijik-la

- 1163 « L'Égliz-la ki Manman é ki sin, konsidéré sé dévoua-l pou nan jou ki établi pandan ané-a li sélébré souvni sakré travay sové Épou li-a ki Bondié réalisé-a. Chak sémèn, nan jou yo rélé “Jou Granmèt-la”, Dimanch, li fè sonjé Réziréksion Granmèt-la; yon foua chak ané, nan gran fèt solanèl Pak-la, li sélébré-l yon lòt foua ankò ansanm ak Soufrans-li ki poté kontantman-an. Li déplouayé tout mistè Kris-la réyèlman nan déroulman ané-a [...]. Antan l-ap sélébré Mistè Rédanmsion-an konsa, li ouvri richès puisans ak mérit Granmèt li-a bay fidèl-yo pou yo kapab antré an kontak ak yo épi vîn ranpli ak lagras sové-a, konsa mistè-yo vîn tounin prézan nan yon sètèn sans pou tout tan » (SC 102).
- 512
- 1164 Pèp Bondié-a, déjà nan Laloua Moyiz-la, té konn gin fèt nan dat ki fiksé apati Pak-la pou yo fè sonjé mèwèy aksion Bondié Sovè-a, pou yo rann li gras, pou yo konsèvé souvni yo épi pou yo aprann nouvo jénérasyon-yo kijan pou yo konfòmé konduit yo. Nan tan l'Égliz-la, ki déroulé ant Pak Kris-la ki akonpli yon foua pou tout-la épi achèvmàn-l nan Rouayòm Bondié-a, litiji-a ki sélébré nan jou ki établi maké anplin ak nouvo té mistè Kris-la.
- 1165 Lè l'Égliz-la ap sélébré mistè Kris-la, gin yon paròl li souligné nan priyè-l la : « *Jodi-a !* », k-ap fè éko pou priyè Granmèt li-a té anségné-l la (cf. Mt 6, 11) épi apèl Éspri-Sin-an (cf. He 3, 7 – 4, 11 ; Ps 95, 7). « Jodi » Bondié vivan-an koté yo rélé moun-nan pou-l antré-a, sé « Lè » Pak Jézu-a ki dépasé épi k-ap kondui tout istoua-a :
- 2659, 2836
- 1085 « Lavi-a ouvri sou tout bagay, épi limiè san rété-a ranpli tout bagay, épitou Solèy lévan tout olévan-yo kouvri tout bagay : épi sa-a ki té anfanté anvan zétoual matin-an, gran Kris-la ki pa kapab mouri-a ap kléré tout bagay plis pasé solèy-la. Sé poutèt sa pou nou ki kouè-yo gin yon jou limiè ki diré pou tout tan ki pa kapab étinn : Pak mistik-la » (S. Hippolyte, pasch. 1-2).
- 2174-2188
- #### Jou Granmèt-la
- 1166 « Dapré Tradision apostolik-la ki pran orijîn-li nan jou Réziréksion Kris-la minm, l'Égliz-la sélébré Mistè paskal-la chak uitiem jou, jou sa-a yo gin rézon rélé jou Granmèt-la oubyin jou Dimanch » (SC 106). Jou
- 1343

rézirkéksion Kris-la sé an minm tan « prémié jou Sémèn-nan », souvni prémié jou kréasion-an, épi « uitièm jou-a » koté Kris-la, apré gran « répo » Saba li-a, té inogiré Jou « Granmèt-la té fè-a » (Ps 118, 24), « jou san asouè-a » (cf. *Matutinum in die Paschatis ritus Byzantini, Oda 9, troparium* [Romae 1884] p. 11). « Soupé Granmèt-la » sé pouin santral-li, paské nan li tout kominoté fidèl-yo rankontré Granmèt-la ki résisité-a ki invité-yo nan résépsion-l nan (cf. Jn 21, 12 ; Lc 24, 30) :

« Jou Dimanch-la, jou Rézirkéksion-an, jou krétyin-yo, sé jou nou-an. Sé poutèt sa yo rélé-l Dimanch (sa-k pou Granmèt-la) : paské nan li Granmèt-la ki ranpôté viktoua-a monté kot Papa-a. Si nan nasion-yo yo rélé-l jou solèy-la, épi nou minm tou nou déklaré sa san problèm : jodi-a réyèlman limiè tè-a lèvé, jodi-a solèy jistis-la lèvé ak santé-a nan réyon-l yo » (S. Jérôme, pasch. : CCL 78, 550, 52).

- 1167 Dimanch-la sé jou asanblé litijik-la paréksélans, koté fidèl-yo rasanblé « pou, antan yo kouté Paròl Bondié-a épi pou yo patisipé nan Ékaristi-a, yo sonjé soufrans, Rézirkéksion ak gloua Granmèt Jézu, épi pou yo di Bondié mèsì, li minm ki té anfanté yo ankò nan yon éspérans ki vivan, gras a Rézirkéksion Jézu-Kri-a sot nan pami mò-yo » (SC 106) :

« Lè donk n-ap médité, [Kris], mèvèy gloua épi sign ékstraòdinè yo té réalizé nan sin jou Dimanch sin Rézirkéksion-ou nan, nou di : jou Dimanch-la béni, paské sé nan li yo té kòmansé kréasion-an, [...] Rédanssion tè-a, [...] rénouvèlman ras moun-nan [...]. Nan li sièl-la ak tè-a ap kléré épi tout inivè-a plin ak limiè. Jou Dimanch-la béni, paské nan li yo ouvri pòt paradi-a pou Adan ak tout sa-k té déyò-yo antré ladan-l san okinn krint » (Fañqîth, Office syriaque d'Antioche, Vol. 6, La partie de l'été, p. 193 b).

Ané litijik-la

- 1168 Apati Tridiòm Paskal-la, tankou sot nan sous limiè-l la, nouvo tan Rézirkéksion-an ranpli tout ané litijik-la ak klèté-l. Ofiamézi, adouat épi 2698 agoch sous sa-a, ané-a transfigiré palintèmédiè litiji-a. Réyèlman sé « yon ané Granmèt la fè gras » (cf. Lc 4, 19). Distribision òganizasion sovè-a (Économie du salut) ap travay anndan ankadréman tan-an, min, dépi apati akonplisman-l nan Pak Jézu-a épi nan vidé yo vidé Éspri-Sin-an, li antisipé aboutisman istoua-a « nan avangou », épi Rouayòm Bondié-a antré nan tan nou-an.
- 1169 Sé poutèt sa, *Pak-la* sé pa sinpléman yon fèt nan pami lòt-yo : li sé « Fèt tout fèt-yo », « Solanité tout solanité-yo », minm jan Ékaristi-a sé sakréman tout sakréman-yo (Gran sakréman-an). Sint Atanaz rélé-l 1330 « Gran Dimanch-la » (ep. fest. 329 : PG 26, 1366A), minm jan an Orian 560 yo rélé Sémèn sint-la « Gran Sémèn-nan ». Mistè Rézirkéksion-an koté Kris-la krazé lanmò-a, antré nan viéyisman tan nou-an ak puisans pouvoua li-a joutan tout bagay soumèt dévan-l.

- 1170 Nan Konsil Nisé-a (ané 325) tout Égliz-yo té mété yo dakò pou yo sélébré Pak krétyin-an nan jou Dimanch ki suiv plèn lîn (14 Nizan) apré ékinòks printan-an. Poutèt diféran métòd yo anplouayé pou kalkilé jou 14 moua Nizan-an, jou Pak-la pa toujou tonbé minm lè-a nan Égliz Oksidan-an ak Orian-an. Sé poutèt sa jodi-a y-ap chèché rivé nan yon akò pou yo kapab tounin sélébré jou Réziréksion Granmèt-la minm dat-la.
- 1171 Ané litijik-la sé déplouaman diféran aspè yon sèl mistè Pak-la. Sa vo sitou pou séri fèt-yo alantou Inkarnasion-an (Anonsiasion, Nésans Granmèt-la, Épifani), ki fè sonjé kòmansman sovè nou-an épi ki ba nou prémiss mistè Pak-la.

524

Pròp pou sin-yo nan ané litijik-la

- 1172 « Antan l-ap sélébré Mistè Kris-la nan déroulman sa-a chak ané, sint Égliz-la vénéré sint Mari Manman Bondié ak yon rinmin spésial, li minm ki fè youn ak travay sovè Pitit li-a nan yon rapò ki pa kapab défèt ; nan li, l'Égliz-la ap admiré épi lévé anlè frui ki pi bon nan Rédanmsion-an, épi l-ap kontanplé ak kè kontan, tankou nan yon imaj san défo, sa li-minm toutantié li anvi épi li éspéré vîn yé-a » (SC 103).
- 1173 Lè l'Égliz-la, nan ronn ané-a, fè sonjé mati-yo ak lòt sin-yo, « l-ap préché mistè Pak-la » nan gason ak fi sa-yo « ki té souffri ansanm ak Kris-la épi ki glorifié ansanm ak li ; l-ap mété égzanp yo dévan fidèl-yo, pou li kapab rédi yo tout kot Papa-a palintèmediè Kris-la ; épi gras a mérit Sin-yo, l'Égliz-la rivé jouinn byinfè Bondié-yo » (SC 104 ; cf. SC 108 et 111).

971

2030

957

Litiji Lè-yo

- 1174 Mistè Kris-la, Inkarnasion-l nan épi Pak li-a, sa nou sélébré nan Ékaristi-a, sitou nan asanblé dimanch-yo, li antré épi li transfiguré tan chak jounin palintèmediè sélébrasion litiji Lè-yo, « Ofis divin-an » (cf. SC IV). Sélébrasion ofis sa-a, antan-l obéyi fidèlman rékòmandasion apostolik-la « san rété sé pou nou priyé » (1 Th 5, 17 ; Ep 6, 18), « établi yon fason pou li konsakré tout déroulman jounin-an ak nuit-la palintèmediè louanj Bondié-a » (SC 84). Sé « Priyé piblik l'Égliz-la » (SC 98) koté fidèl-yo (klèjé-a, rélijyé-yo épi layik-yo) égzèsé sasèrdòs rouayal moun ki batizé-yo. Litiji Lè-yo, lè yo sélébré-l dapré « fòm ki aprouvé » nan l'Égliz-la, « vrèman sé voua Épouz-la minm k-ap palé ak Épou-a, plis toujou, sé priyé Kris-la ansanm ak pròp kò-li pou Papa-a » (SC 84).
- 1175 Litiji Lè-yo la pou-l tounin priyé tout pèp Bondié-a. Réyèlman nan li Kris-la li-minm « kontinué égzèsé fonksion sasèrdotal li-a palintèmediè l'Égliz li-a » (SC 83) ; chak moun patisipé ladan-l, dapré pròp fonksion pa-l nan l'Égliz-la épi sikonstans lavi-l : prèt-yo paské, nan mézi y-ap

2698

dévoué nan ministè pastoral-la, yo rélé yo pou pèsévéré nan priyè-a épi nan sèvis paròl-la (cf. SC 86 ; 96 ; PO 5) ; rélijyé ak rélijyé-z-yo poutèt karism lavi konsakré yo-a (cf. SC 98) ; tout fidèl-yo dapré posibilité yo : « Sé pou Pastè nanm-yo véyé pou Lè prinsipal-yo, sitou Vèp-la, yo sélébré yo ansanm nan légliz-la jou Dimanch-yo ak fèt solanèl-yo. Sé pou yo rékòmandé pou layik-yo tou résité Ofis divin-an, soua avèk prèt-yo, soua antan yo réyini ansanm, oubyin minm yo chak pou kont yo » (SC 100).

- 1176
2700 Sélébré litiji Lè-yo mandé non sèlman pou voua-a akòdé ak kè k-ap priyé-a, min tou pou « yo préparé tèt yo ak yon fòmasyon litijik épi bibliik ki pi rich, sitou pou psòm-yo » (SC 90).
- 1177
2586 Imn ak litani Priyè Lè-yo fè priyè Psòm-yo antré nan tan l'Égliz-la, yo éksprimé sinbolism moman jounin-an, tan litijik-la oubyin fèt y-ap sélébré-a. An plis léktu Paròl Bondié-a nan chak Lè-yo (avèk répons oubyin 'tropèr' ki suiv li-a) épi nan kèk Lè, léktu Pèr-yo oubyin mèt spirituèl-yo, ap révéle signifikasyon spirituèl mistè y-ap sélébré-a pi afon, ap édé konprann psòm-yo épi préparé pou priyè an silans-la. *Lectio divina*-a, koté yo li Paròl Bondié-a épi yo konsidéré-l nan méditation-an pou-l kapab tounin priyè kontanplasyon, li anrasinin konsa tou nan sélébrasyon litijik-la.
- 1178
1378 Litiji Lè-yo ki tankou yon prononjman sélébrasyon Ékaristi-a, pa mété akoté, min mandé diféran dévotion pèp Bondié-a kòm yon konpléman, sitou adorasyon ak kult Trè Sin Sakréman-an.

IV. Ki koté pou-l sélébré ?

- 1179
586 Kult Nouvo Alians-la « nan Éspri ak vérité » (Jn 4, 24) li pa maré ak yon sèl koté. Tout tè-a sin épi yo rimmèt li bay pitit moun-yo. Sa-k an premié lè fidèl-yo réyini nan minm koté-a, sé « ròch vivan-yo » ki rasanblé pou « bati yon kay spirituèl » (1 P 2, 4-5). Kò Kris-la ki résisté-a sé yon tanp spirituèl koté sous dlo lavi-a ap koulé. Antan nou inkòporé nan Kris-la palintèmediè Éspri-Sin-an, sé « tanp Bondié vivan-an nou yé » (2 Co 6, 16).
- 1180
2106 Lè égzèsis libèté rélijyon-an pa gin anpèchman (cf. DH 4), krétyin-yo konstrui kay ki déstiné pou kult Bondié-a. Légliz vizib sa-yo pa simpléman koté pou moun rasanblé, min yo signifié épi yo manifésté l'Égliz-la ki vivan nan koté sa-a, koté Bondié abité ak moun-yo ki rékonsilié épi fè youn nan Kris-la.
- 1181
2691 « Kay priyè-a koté yo sélébré épi konsèvé trè sint Ékaristi-a, koté fidèl-yo rasanblé, épi koté prezans Pitit Bondié-a Sovè nou-an, li-minm yo ofri

pou nou sou otèl sakrifis-la, yo onoré-l pou sékou ak konsolasion fidèl-yo, li doué bèl, adapté pou priyè-a ak sélébrasion sakré-yo » (PO 5 ; cf. SC 122-127). Nan « kay Bondié » sa-a, vérité ak armoni sign-yo ki fòmé-l yo doué manifésté Kris-la ki prézan nan koté sa-a épi k-ap aji ladan-l (cf. SC 7) :

- 1182
617, 1383 *Otèl* Nouvo Alians-la sé koua Granmèt-la (cf. He 13, 10) sé la tout sakréman mistè Pak-la koulé soti. Sou otèl-la, ki pouin santral légliz-la, anba sign sakramantèl-yo Sakrifis koua-a vîn prézan. Sé Tab Granmèt-la tou, koté yo invité pèp Bondié-a (cf. IGMR 259). Nan kèk litiji oriental, otèl-la sé sinbòl tonbo Kris-la tou (Kris-la té vrèman mouri épi li té vrèman résisisté).
- 1183
1379, 2120 *Tabènak-la* yo doué mété-l nan « yon koté ki vrèman dign épi ki mérité anpil onè nan légliz-yo » (MF). Plas-d-onè Tabènak ékaristik-la, dispozision-l épi sékirité-l (SC 128) doué favorizé adorasion Granmèt-la ki réyèlman prézan nan Trè Sin Sakréman otèl-la.
- 1241 *Sin-Krèm-nan (myron)*, sa onksion-l sé sign sakramantèl so kado Éspri-Sin-an, tradisionèlman yo konsèvé-l épi onoré-l yon koté ki protéjé nan sanktuè-a, la tou, yo kapab mété luil katékumèn-yo ak luil malad-yo.
- 1184 *Sièj évèk-la (cathèdre)* oubyin prêt-la « doué éksprimé fonksion moun k-ap prézidé asanblé-a épi dirijé priyè-a » (IGMR 271).
- 103 *Anbon-an* : « Dignité Paròl Bondié-a mandé pou nan légliz-la gin yon koté ki konvnab koté yo anonsé-l épi koté atansyon fidèl-yo dirijé spontanéman pandan litiji paròl-la » (IGMR 272).
- 1185 Rasanbléman pèp Bondié-a kòmansé apati Batèm-nan ; sé poutèt sa légliz-la doué gin yon koté pou sélébrasion *Batèm-nan* (batisté) épi favorizé souvni promès Batèm-yo (dlo bénit).
- Rénovèlman lavi Batèm-nan égzijé *pénitans-la*. Légliz-la doué pèmèt éksprimé pénitans-la épi résépsion padon-an, sa mandé yon koté ki adapté pou résévoua pénitan-yo.
- 2717 Légliz-la doué yon éspas ki invité tou nan rékèyman épi priyè an silans ki prolonjé épi intériorizé gran priyè Ékaristi-a.
- 1186
1130 Anfin, légliz-la gin yon signifikasion an fonksion dènié tan-yo (éskatolojik). Pou antré nan kay Bondié-a, bézouin gin yon *papòt* pou travèsé kòm sinbòl pasaj sot nan yon réalité ki blésé ak péché-a antré nan réalité nouvo lavi-a koté yo rélé tout moun-yo. Légliz vizib-la sé sinbòl kay Papa-a koté Pèp Bondié-a ap maché pou-l rivé-a épi koté Papa-a « ap suiyé tout dlo sot nan jé yo » (Ap 21, 4). Sé poutèt sa tou légliz-la sé kay *tout* pitit Bondié-yo, ki louvri byin laj pou résévoua-yo.

RÉZIMÉ

- 1187 *Litiji-a sé aksion Kris-la toutantié, Tèt-la ak kò-a. Prèt an chèf nou-an ap sélébré-l san rété nan litiji sièl-la, avèk sint Manman Bondié-a, Apot-yo, tout sin-yo ak foul moun-yo ki déjà antré nan Rouayòm-nan.*
- 1188 *Nan yon sélébrasion litijik, sé tout asanblé-a ki « liturj », chak moun dapré fonksion pa-l. Sasèrdòs batismal-la sé pa tout kò Kris-la. Min kèk fidèl poutèt sakréman Òrd-la yo òrdoné-yo pou yo réprézanté Kris-la kòm Tèt kò-a.*
- 1189 *Sélébrasion litijik-la gin ladan-l sign ak sinbòl ki gin rapò ak kréasion-an (limiè, dlo, difé), ak lavi moun-nan (lavé, pasé luil, kasé pin) épi ak istoua sové-a (rit Pak-la). Éléman kosmik sa-yo, rit lavi moun-nan, souvni aksion Bondié-yo, lè yo fè yo antré nan domèn lafoua-a épi puisans Éspri-Sin-an pran yo, yo vîn kapab poté aksion Kris-la k-ap sové épi k-ap sanktifyé.*
- 1190 *Litiji paròl-la sé yon pati intégral nan sélébrasion-an. Li ékspriyé sans sélébrasion-an ak Paròl Bondié-a yo anonsé épi ak angajman lafoua-a k-ap réponn li-an.*
- 1191 *Chan-an ak mizik-la gin yon rapò séré ak aksion litijik-la. Kritè ki pèmèt byin sèvi avèk yo sé : pou yo ékspriyé bèlté priyé-a, patisipasion asanblé-a ak yon sèl kè épi karaktè sakré sélébrasion-an.*
- 1192 *Sint imaj-yo, ki prézan nan légliz nou-yo ak nan kay nou-yo, fèt pou révéyé épi nourri lafoua-nou nan mistè Kris-la. Palintèmediè ikòn Kris-la épi sa-l té fè pou sové nou-an, sé Kris-la li-minm n-ap adoré. Palintèmediè sint imaj sint Manman Bondié-a, anj-yo épi sin-yo, nou vénéré moun ki réprézanté nan yo-a.*
- 1193 *Dimanch, « Jou Granmèt-la », sé prinsipal jou pou sélébrasion Ékaristi-a, paské sé jou Réziréksion-an. Sé jou paréksélans pou asanblé litijik-la, jou fanmi krétyin-an, jou kè kontan épi répo parapò a travay-la. Sé « fondman ak nouayo santral tout ané litijik-la » (SC 106).*
- 1194 *L'Égliz-la « déplouayé tout mistè Kris-la réyèlman nan déroulman ané-a, soti nan Inkarnasion-an ak Nésans-la, rivé nan Asansion-an, ak nan jou Pantkot-la épi nan tann kontantman éspérans-la ak Avènman Granmèt-la » (SC 102).*
- 1195 *L'Égliz sou tè-a antan-l fè sonjé sin-yo nan jou ki fiksé nan ané litijik-la, toudabò sint Manman Bondié-a, épi apré sa Apot-yo, mati-yo épi lòt sin-yo, li montré kijan-l fè youn ak litiji sièl-la ; l-ap bay Kris-la gloua poutèt sové-a li akonpli nan manb li-yo ki glorifyé-yo ; égzanp yo-a ankourajé-l nan chémin pou al jouinn Papa-a.*

- 1196 *Fidèl-yo ki sélébré litiji Lè-yo fè youn ak Kris-la Prèt an chèf nou-an, palintèmediè priyè psòm-yo, méditation Paròl Bondié-a, kantik ak bénédiksion-yo, pou yo kapab asosié ak priyè san rété épi pou tout moun-nan k-ap bay Papa-a gloua-a épi k-ap mandé kado Éspri-Sin-an pou tout moun sou tè-a.*
- 1197 *Kris-la sé véritab Tanp Bondié-a, « koté gloua li-a abité » ; palintèmediè lagras Bondié-a, krétyin-an tou vîn tounin tanp Éspri-Sin-an, ròch vivan, k-ap bati l'Égliz-la.*
- 1198 *L'Égliz-la, nan kondision lavi-l sou tè-a, li bézouin gin koté pou kominoté-a kapab rasanblé : légliz vizib nou-yo, koté ki sin, sé imaj Vil ki sin-an sètadi Jérusalèm sièl-la, koté n-ap maché pou-n rivé nan pèlérinaj nou-an.*
- 1199 *Sé nan légliz-yo l'Égliz-la sélébré kult piblik-la pou gloua Trè Sint Trinité-a, li kouté Paròl Bondié-a épi li chanté louanj li, li fè priyè-l monté épi li ofri Sakrifis Kris-la ki prézan sakramantèlman nan mitan asanblé-a. Légliz sa-yo sé koté pou fè rékèyman épi priyè pèsonèl tou.*

[◀Atik
anvan-an](#)

[Gid jénéral-la](#)

[Atik▶
après-a](#)